



DEPATMAN OPÒTINITE EKONOMIK FLORID LA (DEO)

PWOGRAM REPARASYON AK RANPLASMAN LOJMAN REKONSTWI FLORID LA

AVI SOU APÈL REKOU ENFÒMÈL

# ID APLIKAN AN	
Non Mèt Pwopriyete a	
Adrès Pwopriyete ki te Sibi Domaj la	
Vil, Eta, Kòd Postal	
Adrès Postal (si l diferan):	
Nimewo Telefòn	
Adrès imèl	

**Demann Apèl Rekou Enfòmèl:** Tanpri aksepte demann pou yon apèl enfòmèl mwen vle fè oprè Pwogram Reparasyon ak Ranplasman Lojman an. Mwen ta renmen Depatman revize ka mwen an konsènan kesyon ki annapre yo:

\_\_\_\_\_ Refi aplikasyon baze sou egzijans elijiblite yo

\_\_\_\_\_ Refi aplikasyon baze sou evalyasyon dega a

\_\_\_\_\_ Refi aplikasyon baze sou revizyon anviwònmantal la

\_\_\_\_\_ Lòt (Tranpri presize): \_\_\_\_\_

W ap jwenn dokiman ki annapre yo anekse/telechaje pou sipòte rezon ki fè m ap fè apèl rekou a (si aplikab)

**Sonje:** Yo dwe fè apèl rekou enfòmèl yo nan lespas 30 jou kalandè apati de dat lèt detèminasyon elijiblite a. Y ap baze dat depozisyon an sou kachè lapòs la oswa, si yo voye l pa faks, sou dat ki make sou tenb apèl rekou enfòmèl DEO te resevwa. Voye apèl rekou enfòmèl la pa imèl bay: [CDBG- DRAppeals@deo.myflorida.com](mailto:CDBG-DRAppeals@deo.myflorida.com) oswa soumèt li pa lapòs nan adrès ki annapre a:

Atansyon: Office of Disaster Recovery, Appeals Lead  
Florida Department of Economic Opportunity  
Division of Community Development  
107 East Madison Street  
Caldwell Building, MSC 160  
Tallahassee, FL 32399

\_\_\_\_\_

Pwopriyete Kay/Siyen la

\_\_\_\_\_

Dat



Florida Department of Economic Opportunity | Caldwell Building |  
107 E. Madison Street | Tallahassee, FL 32399  
850.245.7105 | [www.FloridaJobs.org](http://www.FloridaJobs.org) [www.twitter.com/FLDEO](http://www.twitter.com/FLDEO)  
[www.facebook.com/FLDEO](http://www.facebook.com/FLDEO)

Yon anlwayè/pwogram opòtinite egal. Gen èd oksilyè ak sèvis ki disponib pou Moun ki gen andikap yo lè yo mande. Moun k ap itilize ekipman TTY/TTD yoatravè Sèvis Transmisyon Florid la nan 711kapab itilize tout nimewo telefòn vwa ki nan dokiman sa yo.



## **Apèl Rekou Enfòmèl ak Plent DEO yo**

Konfòmman ak Plan Patisipasyon Sitwayen 24 CFR 91 lan ak 24 CFR 570.486(a) (7) la, Pwogram Reparasyon ak Ranplasman Lojman an (HRRP) te devlope pwosesis pou fè apèl rekou enfòmèl ak pote plent nan DEO a. Atravè pwosesis apèl rekou enfòmèl la, aplikan yo gen yon mekanis pou yo mande pou yo fè yon revizyon ki pi apwofondi sou yon desizyon yo te pran sou dosye yo a. Yo paka fè apèl rekou pou politik pwogram lan yo. Anplis de sa a, sitwayen yo gendwa depoze yon plent- swa fòmèl oswa enfòmèl- epi yo pral reponn yo nan lespas 15 jou ouvrab, kote sa pratik.

Yo pral enprime enfòmasyon sou dwa ak kijan pou moun fè demann apèl rekou enfòmèl oswa pote plent lan sou tout gid pwogram lan yo, ak sou sitwèb Rekonstwi Florid la, [www.rebuildflorida.gov](http://www.rebuildflorida.gov), , k ap nan tout lang lokal yo, jan sa apwopriye ak rezonab. Yo pral transmèt plent konsènan fwòd, gaspiyaj oswa abi fon gouvènman yo bay Liy Asistans pou Fwòd Biwo Enspektè Jeneral Depatman Lojman ak Devlopman Iben an (HUD OIG) (telefòn: 1-800-347-3735 oswa imèl: [hotline@hudoig.gov](mailto:hotline@hudoig.gov))

Sitwayen yo ka depoze yon apèl rekou enfòmèl atravè imèl Rekiperasyon Aprè Katastwòf la nan: [CDBG-DRAppeals@deo.myflorida.com](mailto:CDBG-DRAppeals@deo.myflorida.com) oswa soumèt li pa lapòs nan adrès ki annapre a:

Atansyon: Office of Disaster Recovery, Appeals Lead  
Florida Department of Economic Opportunity  
Division of Community Development  
107 East Madison Street  
Tallahassee, FL 32399

Sitwayen yo ka depoze yon plent ekri atravè imèl Rekiperasyon Aprè Katastwòf la nan [CDBG-DR@deo.myflorida.com](mailto:CDBG-DR@deo.myflorida.com) oswa soumèt li pa lapòs nan adrès ki annapre a:

Atansyon: Rebuild Florida Constituent Services  
Florida Department of Economic Opportunity  
Division of Community Development  
107 East Madison Street Caldwell Building, MSC 160  
Tallahassee, FL 32399

### **Avi sou Dwa pou Fè Apèl Rekou Administratif yo**

Nenpòt moun ki gen enterè konsiderab ke detèminasyon sa a te afekte gen opòtinite pou yo mande yon odyans administrativ oprè Divizyon Odyans Administrativ la, konfòmeman ak seksyon 120.569 Lwa Florid la yo. Pou w konnen kontni obligatwa ki dwe nan yon rekèt pou w konteste aksyon ajans lan, refere a règ ki nan 28-106.104(2), 28-106.20(2), ak 28-106.301, Kòd Administrativ Florid la. Depandaman de si yo konteste fè materyèl yo nan rekèt la ou non, y ap fè yon odyans konfòmeman swa a seksyon 120.569 ak 120.57(1), Lwa Florid la yo, oswa seksyon 120.569 ak 120.57(2), Lwa Florid la yo. Konfòmeman ak seksyon 120.573, Lwa Florid la yo, ak Chapit 28-106, Pati IV, Kòd Administrativ Florid la, gen medyasyon disponib pou rezoud dispit administrativ yo.

Yo dwe depoze tout rekèt yo bay Anplwaye Administratif Ajans lan nan lespas 30 jou kalandè apre yo resevwa detèminasyon sa a. Yo konsidere yon rekèt kòm depoze lè Anplwaye Administratif Ajans lan resevwa l nan adrès ki annapre a:

Agency Clerk Department of Economic Opportunity  
Office of the General Counsel 107 East Madison Street, MSC 110  
Tallahassee, Florida 32399-4128  
Faks: (850) 921-3230  
Imèl: [Agency.Clerk@deo.myflorida.com](mailto:Agency.Clerk@deo.myflorida.com)

Si yon aplikan depoze yon demann pou rekonsiderasyon oswa yon apèl rekou enfòmèl DEO, yo ap sispann obligasyon pou depoze yon rekèt nan delè yo egzije a jiskaske Depatman bay yon desizyon selon youn nan metòd la yo. Nan moman sa a, pral gen yon nouvo delè k ap kòmanse pou apèl rekou a. Okenn aplikan pap pèdi dwa yo genyen dapre Chapit 120, Lwa Florid la yo, lè yo depoze yon demann pou rekonsiderasyon oswa yon demann pou yon apèl rekou enfòmèl.

### **Plent HUD yo**

Si moun ki pote plent lan pa satisfè de detèminasyon sou-benefisyè a oswa ak repons DEO a, moun ki pote plent lan gendwa depoze yon apèl alekri lè yo swiv enstriksyon yo bay yo nan lèt repons lan. Si apre pwosesis apèl rekou enfòmèl la, moun ki pote plent lan pa satisfè de repons yo bay yo a, yo gendwa depoze yon plent fòmèl dirèkteman nan biwo rejyonal HUD la nan:

Depatman Lojman ak Devlopman Iben (HUD)  
Charles E. Bennett Federal Building  
400 West Bay Street, Suite 1015 Jacksonville, Florida 32202

Pwogram Rekiperasyon Aprè Katastwòf Florid la opere konfòmeman ak Lwa sou Lojman Ekitab Federal la (Modifikasyon Lwa sou Lojman Ekitab 1988 la yo) Nenpòt moun ki santi yo te diskriminen kont yo gendwa depoze yon plent kont diskriminasyon sou plan lojman nan (telefòn: 1-800- 669-9777 oswa sou entènèt nan: [www.hud.gov/fairhousing](http://www.hud.gov/fairhousing)).

### **Fwòd Kontraktyèl:**

Si nenpòt kontraktè konstriksyon oswa nenpòt lòt moun kontakte yon aplikan dirèkteman avèk yon reklamasyon fwodilez kote l pretann li asosye ak pwogram Rekonstwi Florid la, aplikan an pa dwe bay okenn enfòmasyon ki ka idantifye l. Reprezantan Rekonstwi Florid la yo pral gen badj ofisyèl yo k ap gen foto yo ak non yo, epi aplikan yo pral resevwa kominikasyon ofisyèl Rekonstwi Florid ap voye ba yo avan nenpòt moun vini lakay yo. Si yon enspektè oswa yon kontraktè rive nan adrès aplikan an sanzatann, aplikan an dwe kontakte Pwogram lan imedyatman lè l rele nan 844-833-1010.

Anplis de kontakte pwogram Rekonstwi Florid la, y ap ankouraje aplikan an pou yo kontakte Biwo Pwokirè Jeneral la dirèkteman konsènan fwòd kontraktè a nan youn nan opsyon ki annapre yo:

1. Rele 1 (866) 9NO-SCAM (866-966-7226) oswa;
2. Soumèt yon plent fwòd kontraktè pa mwayen elektwonik sou [MyFloridaLegal.com](http://MyFloridaLegal.com), lè yo klike sou "General Complaints" (Plent Jeneral yo) sou paj dakèy la epi swiv enstriksyon yo.